# QARAQALPAQ MUZÍKA MIYRASLARÍNÍŃ TARIYXÍY RAWAJLANÍWÍ

**Ziywar Askarova** – *docent w.w.a.*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** musiqa madaniyati, tarixi, faoliyati, estetikasi, yoshlar tarbiyasi.
**Ключевые слова:** музыкальная культура, история, деятельность, эстетика, воспитание молодежи.
**Key words:** musical culture, history, activities, aesthetics, youth education.

Insan mádeniyatınıń eń negizgi bólegi sanalǵan estetik mádeniyatınıń fundamenti ulıwma bilim beriw mekteplerinde qoyıladı.

Bunda kóplegen pánler qatarı muzıka sabaqlarınıń imkaniyatları oǵada úlken. Muzıka sániyatı (kórkem óneri) ózine say bir álem (dúnya). Ájayıp dawıslar, namalar, ırǵaq hám qashırımlar, jaǵımlı muzıkalıq sesler kewillerdi tolqıtadı. Muzıka kórkem óneri turmıstı ózine say kórkem obrazlar arqalı súwretleydi, tıńlawshılardıń júregine jetip, oy-órisine, qálbine tásir etiw arqalı onda túrli qábiletlerdi rawajlandıradı, aqıl-oy, sanasın ósiredi, turmıstı, ómirdi keńirek hám tereńnen túsine biliwine járdem beredi. Ótmishke bir názer taslasaq, muzıka óneri eń eskiden kiyatırǵan óner ekenligin, onı ata-babalarımız ómirinde dúnyaǵa atın shıǵarǵan ne bir ullı insanlar, óz dáwiriniń aldaǵı adamlarınıń ómirinde, olardıń dóretiwshilik miynetleri, izleniwleri, ayrıqsha orın tutqanlıǵın kóremiz. Jámiyetimizdiń keleshegi jaslar menen. Olardı kásip-ónerge úyretiw, ilimlerdi boyına sińdiriw menen bir qatarda ádep-ikramlı, ashıq júzli, kewli taza hám álbette joqarı mádeniyatlı adamlar etip tárbiyalaw búgingi kúnde mámleketlik áhmiyetke iye másele bolıp tabıladı.

Milliy mádeniy miyras úlgileri mazmunında sáwlelengen pikirler jas áwládtı ádeplilik estetikasına tárbiylawda oǵada áhmiyetli rol oynaydı. Ǵárezsizlik jıllarında ruwxıy tárbiyanıń ilimiy, pedagogik tiykarların tiklew, usı maqsette bul orında milliy mádeniy miyras hám de úrp-ádet dástúrlerden únemli paydalanıwǵa bolǵan talap kúsheydi. Sebebi, siyasiy-mádeniy rawajlanıwlarda ádeplilik tárbiyasın rawajlandırıwda da mámleket bas orında bolıwı hám bul ruwxıy fundamentin tiykarlap beriwi ayrıqsha kórsetip berilgen.

Ǵárezsizlik sharapatı menen Qaraqalpaqstanda da jaslardı, keleshek áwládtı muzıka arqalı ruwxıy jaqtan tárbiyalawǵa imkaniyatlar jaratıldı. Demek milliy ǵárezsizlik ideologiyası-xalqımızdıń ásirler dawamında qáliplesken joqarı ruwxıy úrp-ádet dástúrleri ullı ata-babalarımızdıń óshpes miyraslarınan azıqlanadı. Keleshek áwladtı tárbiyalawda joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw sistemasına bir qansha wazıypalar júklengen. Mine usınday wazıypalardıń biri keleshek áwládtı muzıka arqalı ádeplilik estetikasına tárbiyalaw, milliy muzıka miyrasları, tiykarınan qaraqalpaq muzıka miyrasları, zamanagóy qaraqalpaq kompozitorları shıǵarmalarındaǵı pikirler, olardaǵı ilgeri súrilgen pikirler haqqındaǵı bilimlerdi bayıtıw, qaraqalpaq muzıka shıǵarmaların atqarıw kónlikpelerin hám bilimlerin qáliplestiriwden ibarat.

Qaraqalpaq muzıka miyrasları xalıqtıń siyasiy hám tariyxıy rawajlanıwı, etno-psixologik tárepleri, ómirlik tájiriybeleri, siyasiy kózqarasları, maqseti hám de onı ámelge asırıw jolında shólkemlestiriletuǵın iskerlik tarawları, shaxsqa tálim-tárbiya beriw dástúrleri tiykarında qáliplesken bolıp, ásirler dawamında tariyxıy basqıshlar tiykarında áwladtan-áwladqa ótip kelmekte. Usı sebepli qaraqalpaq muzıka miyrasları mazmunın tereń úyreniw, olardaǵı sáwlelengen biybaha pikirlerden tálim-tárbiya jolında paydalanıw zárúrligin arttıradı. «Shıǵıs muzıkası-bul shıǵıs filosofiyası, dúnya mádeniy miyrasları qatarında Shıǵıs muzıkasınıń ornı ullı» [1.308] Álbette óz xalqımızdıń muzıka tariyxın úyreniw óz aldına bir aktual másele bolıp tabıladı, «Qaraqalpaqlar áyyemgi hám bay tariyxqa iye xalıq. Bul xalıq pútkil dúnyaǵa belgili bolǵan milliy mádeniyatqa, óz milliyligine tán ózgeshe iskusstvosına, klassik ádebiyatına, ruwxıy baylıqlarına, úrp-ádet dástúrlerine iye».

Muzıka óneri adamnıń ishki ruwxıy dúnyasın, hár qıylı sezimlerin, ásirese quwanısh-kúyinishlerin ulıwmalastırılǵan túrde jaǵımlı sazlar járdeminde obrazlı jetkerip beriwdiń bir túri esaplanadı. Tıńlawshı muzıkada sáwlelengen waqıyaǵa qıyal juwırtıp, ondaǵı qubılıslarǵa ózin qatnasıp atırǵan taqılette túsinip, eriksiz túrde sol waqıyalıqqa ózin aralastırıp, ishki pikirin kózqarasın bildiriwge májbúr boladı. Júzege kelgen jaqsı sezimler arqalı adamlar menen ózara baylanıslıq, bir pikirlilik qáliplesedi. Demek, muzıka adamnıń dúnya túsinigine de kózqarasına da tásirin tiygizip, onıń obrazları adamnıń waqıyalıqqa qatnastaǵı ishki sezimlerinen, tolǵanıslarınan, kewil xoshınan turadı. Sonday-aq,

estetikalıq tárbiya sistemasında da muzıka ayrıqsha roldi atqaradı. Ol «insániyattıń ruwxıy dúnyasına kúshli tásir etedi, ol qanday dóretiwshilik adamı bolmasın, qanday kásipti iyelemesin dóretiwshilik qábiletin kúsheytiwge óz tásirin tiygizedi». Muzıka specifikası ortalıǵında (melodiya, intonaciya) adamnıń oylaw hám seziw qábiletlerin rawajlandıradı. Muzıkalıq shıǵarmalardaǵı kórkem dóretiwshilik strukturasında oylaw hám emociyalıq mazmundı bayıtadı. Muzıka insannıń emociyasın rawajlandıradı hám ózine qabıllaw dárejesin kúsheytedi, sonıń ushında muzıkanı seziwshi til dep ataydı. Bul muzıka ádebiyat, teatr, súwretlew óneri sıyaqlı adamnıń sana-sezimine, turmısına, ómirine úlken tásirin tiygizedi. Onıń jámiyettegi bolıp atırǵan hámme ózgeriske tikkeley qatnası bar. [3.35] V.G.Belinskiy muzıka hám lirikalıq poeziyanı salıstıra otırıp, lirikalıq poeziyaǵa qaraǵanda muzıka kóbirek adamnıń ishki dúnyasın sáwlelendiredi dep atap ótedi. [4.28]

Al, rus kompozitorı hám kritik A.N.Serov bolsa, poetikalıq sózdiń kórkemlik múmkinshiligi menen muzıkanı salıstırıp, muzıka poeziyanı tolıqtıradı, sebebi qara sózge qaraǵanda muzıka arqalı bildiriw, sezdiriw kúshi dep esaplaydı [5.39]. Muzıka áleminde hámme nárseni seziwge boladı, adamnıń jan-dúnyasın, onıń xarakterin, qarama-qarsı kúshlerdiń, talaplardıń yamasa niyetlerdiń soqlıǵısıwı filosofiyalıq oylar, sociyallıq konfliktler, hámmesi muzıkada emin erkin seziledi. Muzıkanıń rolin anıqlawda kóplegen kózqaraslar bar. Mısalı: Avstriya muzıka kritigi E.Ganslik, «Muzıkada tek sesler bar deydi». Bul jalǵan poeziya burjiy teoretiklerdiń boljawı bolǵan, olar muzıkanıń ómirge hesh qatnası joq dep túsingen. Durıs, geypara muzıka shıǵarmaları ádep-ikramlılıqtıń hesh qanday belgisin kórmeymiz, kerisinshe jaslarǵa, zıyanlı tásirin tiygizedi.

Dunaevskiy: Muzıka tárbiyalıq jumıstı alıp barıwda úlken rol atqaradı deydi. "Muzıka tıńlap otırıp qanday baxıtlı ómirdi kóre alasań, muzıka tıńlap otırıp ómir súriwdiń qanshelli ráhát ekenligin túsineseń. Usı ómirde bunnan da beter jaqsı ómir súrgiń keledi. Qáne endi, men qusap hámme adam jaqsı ómir súriwge umtılǵanda" - deydi. [6.9] Muzıkaǵa birewler shın ıqlası menen qızıǵadı, birewler, tek kewlin kóterdi. Jeńil muzıkanıń ómiri qısqa desek, geybir haqıyqıy muzıkalar ásirler boyı ómir súredi. Mısalı, Bax, Mocart, Betxoven, Shaykovckiylerdiń muzıkaları elege shekem tiri. Muzıka-sezim tili, ol qızǵın tásir etiwshi, kúshli sezimde muzıka abstract tásir etiwshi emes, bálki dálillengen tásirler sáwlelenedi. Kompozitor muzıkalıq shıǵarma dóretkende sózsiz haqıyqatlıq waqıyaǵa, real turmısqa baylanıslı etip dóretedi. Muzıkanı tıńlaw, seziw adamnıń tábiyatına baylanıslı. Hár adam ózinshe túsinip, ózinshe qabıl etedi. Ol onıń ómir tájriybesine, qábiletine, aqıl-oyına, dúnyaǵa kózqarası árman-arzıwına baylanıslı. Muzıkanı tıńlap bilgen adam ǵana, onı durıs túsinedi.

Ullı kompozitor D.Shostakovich «Ullı muzıka iskustvosın súyiń hám qádirleń. Ol sizlerge oylawdıń, pútin bir dúnyasın ashıp beredi. Ol siziń ruwxıy dúnyańızdı kúsheytedi. Siz sol waqıtta jańasha dúnyanıń sulıw reńbereń táreplerin kóre alasız. Muzıka arqalı siz kórinbeytuǵın kúshlerin tabasızlar» [7.15]-degen edi. Orta ásirlerde jasap dóretiwshilik etken shıǵıstıń belgili alımı Yoqub Ibn Isxoq an- Kindiy muzıka insan ruwxına tásiri ústinde kóp shıǵıllanǵanlıǵı hám bul tarawda bir qansha jetiskenliklerge erisken. Onıń aytıwınsha: - "Namalar menen gúller ortasında qandayda bir uqsaslıq bar. Gúllerden taralatuǵın jaǵımlı iyisler muzıkaǵa uqsaydı. Iyisler muzıka seslerine uqsap, insan kewlin kóteredi, kúshine kúsh qosadı"- deydi. Ishki sezim tuyǵılar muzıka ushın súyretlep beriw predmeti bolıwı menen birge teń turmıslıq mazmundı ashıp beriw quralı bolıp esaplanadı. Muzıka sáwlelengen ishki sezim, tuyǵılar waqıyalarǵa baylanıslı bolmaǵan taza abstraktlıq emociya emes. Olar barlıq waqıtta anıq kózqaras tiykarında tańlaǵan, payda bolǵan insan ómirinde kerek bolǵan sezimler, onı qorshaǵan ortalıqtıń tásirinde payda boladı. Ol turmıs waqıyaları tiykarında payda bolǵan kózqaraslardı ideyalardı sáwlelendiredi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar


1. Cit.Po knig. Xasanov A.Sh. Hravstvenno-esteticheskoe vospitaniye molodeji sredstvam muziki Ganslik.E.O. muzıkalno-prekrasnom.M.1910.
2. Xasanov A.Sh. Nravstvenno-esteticheskoe vospitaniye molodeji sredstvam muzıki. T. «Fan» 1985.
3. Muzıkalnoye vospitaniye v sovremennom mire. M. Sovetskiy kompozitor. 1973.
4. Shostakovich D. Znat i lyubit muzıku. M.1958.


**REZYUME.** Qoraqalpoqlarning musiqiy merosi - bu xalqning siyosiy va tarixiy rivojlanishining bir qismi bo'lib, etno-psixologik jihatlari, hayotiy tajribasi, siyosiy qarashlari, ularning maqsadi va amalga oshirilishi shaxsning ishbilarmonlik, ta'lim va tarixiy an'analarida aks etadi.

**РЕЗЮМЕ.** Музыкальная наследия каракалпаков -это часть политического и иторического развития народа, этно психологические аспекты, жизненный опыт, политические взгляды, цель и реализация которых находят отражение в деловых, образавательных и исторических традициях личности.

**SUMMARY.** The musical heritage of the Karakalpaks is a part of the political and historical development of the people, ethnopsychological aspects, life experience, political views, the purpose and implememtation of which are reflected in the business, educational and historical traditions of the individual.

## AKTYOR PLASTIKASÍ

**Biybinaz Bakhieva** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** aktyor plastikasi, teatr san'ati, tana harakati, mimika, dramatik ko'rinish, obraz yaratish, ekspressiv harakat, saxna plastikasi.

**Ключевые слова:** пластика актера, театральное искусство, движения тела, мимика, драматическое изображение, создание образа, выразительное движение, сценическая пластика.

**Key words:** actor's plasticity, theatrical art, body language, facial expressions, dramatic action, image creation, expressive movement, stage plasticity.

Insan denesi - bul tábiyattıń eń jetilisken ájayıbatlarınan biri bolıp, áyyemnen kórkem óner sheberleri, filosoflar hám ilimpazlardıń dıqqat orayında bolıp kelgen. Onıń háreketi, túsindiriwshi qural sıpatında paydalanılıwı bolsa «insan plastikası» túsiniginiń tiykarın quraydı. Insan plastikası mádeniyatı - bul insan denesiniń estetikalıq, sezimlik hám mádeniy imkaniyatların ańlaw, olardı kórkem óner quralında kórsetiw mádeniyatı esaplanadı. Ol hár qıylı kórkem óner túrlerinde - músinshilik, teatr, ayaq oyın, moda, súwretlew óneri sıyaqlı baǵdarlarda keńnen sáwlelengen. Teatr kórkem óneri insan ruwxıy dúnyasınıń saxnadaǵı kórkem kórinisi bolıp, onda sóz, mimika, dawıs hám háreket úylesimi úlken rol atqaradı. Aktyordıń saxnadaǵı fizikalıq kelip shıǵıwı, yaǵnıy denesi - onıń eń tiykarǵı túsindiriwshi qurallarınan biri esaplanadı. Sol sebepli aktyor plastikası teatr pedagogikasında ayrıqsha orın tutadı. Ol aktyordıń sezimlerin, obrazın, jaǵdayların saxnada anıq hám tásirli jetkeriw imkanın beredi.

«Insan plastikası» ataması grek tilinen alınǵan bolıp, «forma beriw», «beyimlesiw» degen mánilerdi ańlatadı. Antik dáwirde bul túsinik insan denesin jetilisken formada súwretlewge qaratılǵan músinshilik óneri menen baylanıslı bolǵan. Ásirese, áyyemgi grek músinshileri adam anatomiyalıq dúzilisin tereń úyrenip, hárbir bulshıq et, dene háreketi hám jaǵdayına ayrıqsha itibar bergen. Bul dáwirde deneniń tek sırtqı gózzallıǵı emes, al ishki ruwxıy jaǵdayı da plastika arqalı kórsetilgen. Michelangelo, Donatello, Rafael sıyaqlı xudojnikler óz dóretpelerinde insan plastikası arqalı ruwxıy tereńlikti, kúsh hám gózzallıq únlesligin kórsetiwge umtılǵan. Aktyor plastikası - bul aktyordıń dene háreketleri, mimikası, halatı, pozaları arqalı obraz jaratıw hám saxnada túsindiriw sheberligi depte ańlawǵa boladı. Bul tek sırtqı fizikalıq jaǵday emes, al ishki jaǵdaylardıń fizikalıq kórinisi bolıp tabıladı. Plastika arqalı aktyor saxnadaǵı dramalıq jaǵdaylardı, konflikt hám sezimlerdi kúsheytedi, tamashagóyge tásirshenlikti arttıradı. Áyyemgi Greciyada aktyorlar dene háreketi arqalı mifologiyalıq obrazlardı jaratqan. Evropada Stanislavskiy, Meyerxold, Brext sıyaqlı teatr tanıwshılar aktyor denesiniń ekspressiv kúshine úlken itibar bergen. Ásirese, Meyerxoldtıń «biomexanika» sisteması aktyor plastikası rawajlanıwında jana basqısh boldı. Onda dene háreketi arqalı dramalıq energiya kórsetiledi.

Zamanagóy teatr mekteplerinde aktyor plastikası óz aldına shınıǵıwlar arqalı rawajlandırıladı. Bul proceste aktyor:

• Dene erkinligi,
• Saxna keńisligin ańlaw,
• Háreket arqalı obraz kórsetiw,
• Ritm hám dinamikanı seziw,

Ishki halatlardı fizikalıq súwretlew sıyaqlı kónlikpelerdi iyeleydi.

Ayaq oyını, akrobatika, pantomima hám fizikalıq teatr (physical theatre) sıyaqlı shınıǵıwlar aktyor plastikasınıń tiykarın quraydı. Búgingi teatrda aktyordıń tek sóz arqalı emes, al dene arqalı da obraz jaratıwı úlken áhmiyetke iye. Nonsayverbal teatr, fizikalıq teatr, háreketler teatrında aktyor plastikası tiykarǵı quralǵa aylanadı. Tamashagóydi saxnadaǵı háreketler,